

LÈT GARANTI SOU PWOSEDI YO

Dat yo voye l (mm/jj/aaaa):

Non elèv la:

Adrès:

Chè:

Avi sou Garanti Pwosededi yo ki anekse a dekri dwa w genyen yo ak pwosededi ki garanti dwa w yo selon lwa sou edikasyon espesyal etatik ak federal la, ki enkli Lwa sou Edikasyon Moun ki Gen Andikap (Individuals with Disabilities Education Act) la, ke yo rele an jeneral "IDEA 2004." Lwa ak règleman sa yo egzije ajans pedagogik lokal yo pou yo founi yon edikasyon piblik apwopriye gratis (FAPE) bay tout elèv ki gen andikap ki gen bezwen edikasyon espesyal yo. Yon edikasyon apwopriye gratis, oswa FAPE, vle di ke yo founi pitit ou a edikasyon espesyal ak sèvis ki relatif yo ki fèt pou reponn ak bezwen pedagogik endividyèl li yo, san w pa depanse anyen, annakò ak Pwogram Edikasyon Endividyèl (IEP) pitit ou a.

Enfòmasyon ki nan Avi sou Garanti Pwosededi yo enpòtan pou ou ak pitit ou a. Tanpri pran tan w pou w revize l. Menm si nou fè tout posib nou pou rasanble yon bon kantite nan enfòmasyon yo nan yon fòm lizib, nou rekonèt ke enfòmasyon yo ka difisil pou konprann. Si w bezwen klarifikasyon, ou ka chèche jwenn èd nan men pèsonèl ajans ki founi sèvis pedagogik bay pitit ou a. Ou gen dwa tou pou yo enfòme w konsènan òganizasyon ki la pou asiste paran nan fè yo konprann dwa yo selon lwa sa yo. Kèk nan resous sa yo nan lis pi ba a epi parèt nan Avi sou Garanti Pwosededi yo tou.

Si w gen yon enkyetid konsènan pwogram pedagogik pitit ou a, ou ka kontakte pwofesè, direktè lekòl, oswa administratè lekòl pitit ou a. Kategori kominikasyon sa a souvan itil nan rezoud pwoblèm.

Ou gen dwa tou selon lwa federal la pou w depoze yon plent nan Depatman Edikasyon Pennsilvani (Pennsylvania Department of Education) epi/oswa antame pwosesis odyans ofisyèl yo jan sa dekri nan Seksyon VI pou Avi sou Garanti Pwosededi sa a.

Sensèman,

NON ak TIT

RESOUS LOKAL POU PARAN YO*

*Resous Adisyonèl yo liste nan Avi sou Garanti Pwosedè yo.

Si w gen yon timoun ki gen yon andikap entèlektiyèl ak/oswa yon pètibasyon emosyonèl, li gen dwa selon Lwa 1966 sou Sante Mantal ak Andikap Entèlektiyèl nan Pennsilvani (Pennsylvania Mental Health and Intellectual Disability Act of 1966) ak Lwa 1976 sou Pwosedè Sante Mantal nan Pennsilvani (Pennsylvania Mental Health Procedures Act of 1976), pou l jwenn sèvis yon Sant Sante Mantal/Andikap Entèlektiyèl (MH/ID) lokal pou yon evalyasyon medikal, sikolojik ak pedagogik endepandan ke se yon pwofesyonèl Leta sètifye ki dwe fè l, san ke w pa depanse anyen.

NON/ADRÈS/NIMEWO TELEFÒN MH LA/IDANTIFIKASYON INITE SÈVIS DEBAZ:

CHAPIT LOKAL PENNSYLVANIA ARC LA:

ASISTANS LEGAL

DISABILITY RIGHTS PENNSYLVANIA

800-692-7443 (Apèl Vokal Gratis)

877-375-7139 (TDD)

717-236-8110 (Vokal)

717-346-0293 (TDD)

717-236-0192 (Faks)

www.disabilityrightspa.org

PENNSYLVANIA BAR ASSOCIATION

P. O. Box 186

Harrisburg, PA 17108

800-932-0311 (Telefòn)